

## Jwenn Djòb ou ta Renmen an – Fè kèk kontak

### Landing the Job You Want – Networking



#### Èske ou te konnen ke ...

... yo fè reklam nan jounal nan chak vil yo sèlman pou on kantite djòb tou piti epi se on ti pousantaj tou piti de moun ki reponn reklam sa yo ki jwenn djòb yo?

... pi fò moun ki ap chèche travay al dèyè djòb sa yo ke yo fè reklam pou yo a – lè konsa konpetisyon an vin plis ou on ti kantite djòb tou piti?

**... Preske 60 poustan moun k ap chache travay jwenn travay pa rapò a on zanmi, on moun nan fanmi yo, ou byen on moun yo te rankontre youn ou de fwa ki ede yo?**

Kontak. Yo rekonèt li tankou youn nan jan ki pi bon pou on moun jwenn on travay – jan chif ki pi wo ka montre sa. Men, kisa metòd pou ou chèche travay la ka regle pou ou? Epi, ki jan ou ka itilize l pou ou jwenn pwochen djòb ou a?

Sa yo se kèk nan kesyon ou ap genyen pou ou reponn alòs ke w ap kontinye eseye jwenn on lòt travay. Fèy sa a genyen enfòmasyon ki ka ba ou konsèy pou ou fè kontak ou rankontre yo on pati empòtan nan plan karyè w, kit se si pou ou konprann kisa sa vle di ou byen si se pou ou distenge wòl li jwe nan aktivite chache travay ou a.

#### Devlope kontak yo ....

Bezikman se sa kontak vle di. Men, kiyès ki kontak yo? Jeneralman kontak yo se moun ki ka ba w enfòmasyon sou travay. Li posib ke w konnen on pakèt moun ki ta ka gen enfòmasyon sou on djòb epi yo panse a ou tankou on moun ki te ka fè djòb sa a.

Yo gen dwa gen ide sou kèk lòt kalite metye ou byen endistri ke ou te ka rapousib, yo gen dwa ba w nou kèk lòt moun yo konnen ki ka konnen kèk lòt enfòmasyon sou travay.

On bon kontak se nenpòt moun ki ka:

- Ba w on djòb
- Di w kote ke y ap chache moun pou on travay
- Refere w ba on moun ki ka fè w jwenn on entèvyou ou byen ki ka li rezime w la.
- Ba w non on moun ki ka fè nenpòt bagay ki ekri pi wo a


#### Etabli Kontak ou yo

Kreye on seri de kontak enpòtan pou siksè plan karyè w. Donk kilè ou fèt pou ou kòmanse? Kòmanse avèk kontak ou genyen kounyè a – moun ou konnen deja yo – epi antre an kontak avèk kèk nan yo. Ajoute nenpòt yo ta pale w de yo alòs ke w ap kontinye eksperyans sa a, epi tou ajoute kèk nan moun nou pale de yo pi ba a:

- kòlèg pwofesyonèl
- moun ki te nan menm klas avè w, manm nan fratenite
- moun ou te konn travay pou yo
- moun ki te nan menm travay avè w
- fanmi avèk vwazen
- doktè, dantis
- moun legliz yo
- manm, pwofesè
- moun ki gen biznis nan zòn kote ou abite a ki gen kliyan y ap boule avèk yo chak jou (tankou - moun ki travay nan biwo asirans, moun ki fè cheve, moun ki travay nan famasi, moun ki travay labank, moun ki anchaje magazén )

Pwogram pou ou kontinye ajoute sou kontak ou yo, ajoute plis moun ke ou kapab ki ka ede w chèche on bon travay. Sonje pou ou kenbe kontak avèk moun sa yo pou w fè yo konnen kijan w ap boule. An plis de moun ki sou lis la, men kék lòt bagay ki ka itil ou:

- gwo liv jon telefòn nan
- ajans gouvènman yo
- cho avèk konvansyon
- gwoup volontè
- kalandriye biznis
- lis moun ki te diplome nan menm lekòl avè w
- kote w al fè espò
- jounal pwofesyonèl
- depatman komès
- klib a òganizasyon sivik, tankou “Rotary Clubs”,  
“Lions Clubs”
- sant ki chache travay pou moun nan zòn ou abite a
- jounal nan zòn ou abite a



Pou ou kreye on lis kontak ou fèt pou ou gen ide orijinal epi ki kreyatif tou. Pa janm jije on kontak anvan ou tcheke 1 – kontak sa a ka ba w referans ki ka fè w vin jwenn pwochen travay ou a. Konsidere tout kalite moun ou antre an kontak avèk yo, se pa sèlman sa ki gen menm metye avè w, ou byen moun ou konnen byen yo. Moun ke ou rankontre pou on ti kras tan gen dwa dispoze pou yo ba w enfòmasyon ki ka ede w. Donk pwochén fwa w al kay doktè, ou byen w al manje avèk on moun ki te nan menm klas avè w, ou byen w al labank, pote kék rezime epi ajoute kék kontak nan lis kontak ou yo!

### Angaje tèt ou a san pou san

Lis kontak ou yo enpòtan nan aktivite chache travay ou a. Plis moun ki konnen w ap chache travay, se pi bonè w ap retounen al travay. Donk ba tèt ou plis chans pou ou jwenn on travay! Devlope kontak yo tout tan epi w ap de kouvri kék djòb ke konpayi yo pa fè reklam pou yo. Jounal MDCS pou Chache Travay la avèk lòt jounal sou lamen nan Sant de Karyè MassHire isi a. an plis de sa genyen on seri de klas pou fòmasyon ki disponib, pou nou ka ba ou plis konsèy sou kontak.